**दिन–बुधवार** **दिनांक–26.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्र आइ पचहत्तरम् संविधान दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू नव दिल्ली स्थित संविधान सदनक केन्द्रीय कक्ष मे संविधानक प्रस्तावना पढ़लनि। कार्यक्रम के संबोधित करैत राष्ट्रपति मुर्मू कहलनि जे संविधान राष्ट्रीय पहचानक आधारशीला अछि आ ई राष्ट्र के आगां बढ़ेबाक, औपनिवेशिक मानसिकताक स्थान पर राष्ट्रवादी दृष्टिकोण स्थापित करबाक मार्गदर्शक ढ़ांचा अछि। कार्यक्रम के संबोधित करैत उपराष्ट्रपति सी.पी राधाकृष्णन कहलनि जे संविधान, स्वतंत्रता संग्राम मे सम्मिलित लाखों देशवासीक सामूहिक ज्ञान, बलिदान आ स्वपनक प्रतीक थिक। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय मंत्रिमंडलक सदस्यगण आ आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी संविधान दिवसक अवसर पर सोशल मीडिया पोस्टक माध्यम सँ आइ लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़लाक एक लेख साझा कयलनि। एहि मे संविधान सभा द्वारा गढ़ल गेल आ करोड़ो भारतीय के आकांक्षा सँ समृद्ध देशक संविधानक यात्रा के दर्शाओल गेल अछि।

---

प्रदेश मे सेहो विभिन्न स्थान पर संविधान दिवस समारोहक आयोजन कयल जा रहल अछि। पटना मे नगर विकास आ आवास विभाग कार्यालय मे आयोजित समारोह मे विभागीय सचिव अभय कुमार सिंहक अध्यक्षता मे अधिकारी लोकनि संविधानक प्रस्तावनाक सामूहिक वाचन कयलनि। मधुबनी मे जिला पदाधिकारी आनंद शर्माक नेतृत्व मे अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि संविधानक पाठ पढ़लनि। सहरसा मे प्रमंडलीय सभागार मे संविधान दिवस समारोहक आयोजन कयल गेल। आनो–आन जिला आ विभाग सँ संविधान दिवस मानेबाक संवाद प्राप्त भऽ रहल अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर कहलनि अछि जे संविधान दिवस मनेबाक परिपाटी के शुरू कऽ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी संवैधानिक मूल्य के बढ़ौलनि अछि। ओ आइ दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ई बात कहलनि।

——————————————————————————

अठारहम् विधानसभाक प्रथम सत्र एक दिसंबर सँ पांच दिसंबर धरि चलत। पांच दिवसीय सत्रक पहिल दिन प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादव नव निर्वाचित विधायक लोकनि के सदनक सदस्यताक शपथ दियौताह। दोसर दिन विधानसभा अध्यक्षक चुनाव होयत। तीन दिसंबर के राज्यपाल विधानमंडलक संयुक्त सत्र के संबोधित करताह। चारि दिसंबर के राज्यपालक अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्ताव आ वाद–विवादक बाद सरकारक उत्तर होयत। जखनकि, सत्रक अंतिम दिन पांच दिसंबर के द्वितीय अनुपूरक बजट पर चर्चाक बाद एकर स्वीकृति देल जायत।

——————————————————————————

दिल्लीक राउज एवेन्यू न्यायालय आईआरसीटीसी होटल घोटाला मामिला मे आरोपी पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवीक स्थानांतरण याचिकाक सुनवाई करैत सीबीआई के नोटिस जारी कयलक अछि। राबड़ी देवी एहि मामिलाक सुनवाई कऽ रहल जज के बदलबाक अनुरोध कयने छथि। मामिलाक अगिला सुनावाई छओ दिसंबर के होयत।

——————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति डीएलएड संयुक्त प्रवेश परीक्षा दु हजार पच्चीसक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। इच्छुक अभ्यर्थी समितिक आधिकारिक वेबसाईट बीएसईबीडीएलएड डॉट कॉम पर जा कऽ अपन रिजल्ट देखि सकैत छथि।

——————————————————————————

निसाक विरूद्ध जनजागरूकता के लेल आइ नशामुक्ति दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर निसा सँ सावधान करबाक लेल कतेको ठाम प्रभातफेरी, जागरूकता

रैली निकालल गेल। मुंगेर, कैमूर, दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर समेत आनो–आन जिला मे नशामुक्ति दिवस मनाओल गेल।

———————————————————

पश्चिमी हवाक प्रभाव सँ राज्यक विभिन्न भाग मे न्यूनतम तापमान मे औसतन दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस कमी दर्ज कयल जा रहल अछि। एहि कारणे जाड़क अनुभव बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे बक्सर राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान नओ दशमलव छओ डिग्री दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला किछु दिन धरि तापमान खसबाक प्रवृति बनल रहत। ओतहि, प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम भाग मे विभिन्न स्थान पर सवेर आ सांझ मे आंशिक अथवा मध्यम स्तरक कुहेस लागल रहबाक संभावना अछि।

———————————————————

राज्य सरकार ऑपरेशन सिंदूर मे शहीद भेल सीमा सुरक्षा बल, बीएसएफक सब इंस्पेक्टर मोहम्मद इम्तियाजक पुत्र इमदाद रजा के अनुकंपा पर नोकरी दऽ देलक अछि। सारणक जिला पदाधिकारी अमन समीर आइ हुनका नियुक्ति पत्र देलनि।

मुंगेर जिलाक हमजापुर थाना क्षेत्र अंतर्गत मुंगेर–लखीसराय राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या अस्सी पर एक अनियंत्रित कार के एक दोकान मे घुसि गेला सँ भेल दुर्घटना मे तीन बच्चा समेत सात गोटे घायल भऽ गेलाह।

———————————————————

समाप्त